ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№238 (23.396) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

IулъхьэмзэрыпэщIэтынум траухуэ

● Дыгъуасэ

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ Хабзэм емыбэкъуэныр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ зэIущIэм хэтхэмрэ я зи чэзу зэхуэс дыгъуасэ республикэм и Правительствэм щекIуэкIащ. Ар къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

АБЫ къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м щыIэ МВД-м и министрым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Мамхэгъ Назир**, УФ-м и Следственнэ управленэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Танифа Виктор**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег** сымэ.

ЗэIущIэм теухуа тхыгъэ «Адыгэ псалъэм» и къыдэкIыгъуэ къыкIэлъыкIуэнум тетынущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ЗэIущIэхэр

Джэш Вячеслав хахыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэу 2016 - 2021 гъэхэм лэжьэну яубзыхуам и япэ зэIущIэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм щригъэкIуэкIащ.

АБЫ хэтащ УФ-м и ХэхакIуэ комиссэм и лIыкIуэ **Шапиев Сиябшах**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Урысейм и политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр. ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм зи ныбжькIэ нэхъыжьу хэт **Мэршэн Борис**.

Мэршэным я цIэ къриIуащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм Iэ яIэтыну хуиту щIэуэ хагъэхьахэм. Ахэр: Бекъан Заур, Азаматов Къайсын, Атмурзаевэ Иринэ, Джэш Вячеслав, Джаппуев Мусэ, Евтушенкэ Сергей, Егоровэ Галинэ, Къардэн Залым, Къудей Владимир, Мэршэн Борис, Мэкъуауэ Аслъэн, Нало Николай, Тап Руслан, ШэджыхьэщIэ Юрий.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм Къэзыбж и комиссэмрэ абы хэтынухэмрэ. Абы и унафэщIу Нало Николай, секретару Атмурзаевэ Иринэ хахащ, апхуэдэуи комиссэм хагъэхьащ Егоровэ Галинэ.

Шапиев Сиябшах УФ-м и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI Памфиловэ Эллэ къыбгъэдэкIыу КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьахэм ехъуэхъуащ. Памфиловэм къигъэхьа фIэхъус тхыгъэм къыхэщырт УФ-м и Къэрал Думэм и депутат хэхыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт и лъэныкъуэкIи нэгъэсауэ къызэрыщызэрагъэпэщыфар зэригуапэр, дяпэкIи Iуэхур апхуэдэу ирагъэкIуэкIыну къазэрыщыгугъыр.

- ЩэкIуэгъуэм и 30-м УФ-м и ХэхакIуэ комиссэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыхэплъащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIу Джэш Вячеслав къызэрагъэлъэгъуам, - жиIащ Шапиев Сиябшах. - Ар Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, уи дзыхь зэбгъэз хъун, жэуаплыныгъэ зыхэлъ лэжьакIуэщ. 2007 гъэм и гъатхэпэм сэ абы и гъусэу Ирак Республикэм и Парламентым и хэхыныгъэхэм сыщыIауэ щытащ. Иракым и Iуэхур зытетыр дощIэ, абы укIуэнри ущыIэнри тыншкъым. Абы щыгъуэм гу лъыстащ Вячеслав и пщэрылъым зэрыхуэпэжым, и лэжьыгъэр тэмэму зэригъэзащIэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIми абы хэтхэми я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыфым и фIыщIэщ УФ-м и ХэхакIуэ комиссэм Налшык, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэри хэту, зэIущIэ зыбжанэ щригъэкIуэкIауэ зэрыщытар. Дэ дызэреплъымкIэ, республикэм хуэщхьэпэу, абы ис хэхакIуэхэм я хуитыныгъэр ихъумэу лэжьэфынущ Джэш Вячеслав.

Шапиевым жиIар даIыгъыу, зэIущIэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ Джэш Вячеслав зэфIэкI зэриIэр, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI IэнатIэр абы зэрыхуэфащэр.

Джэш Вячеслав КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIу зэIущIэм щыхахыжащ, абы и къуэдзэу къагъэлъэгъуа Евтушенкэ Сергейрэ комиссэм и секретарь Джаппуев Мусэрэ я IэнатIэхэр къыхуагъэнэжащ.

ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэ купщIафIэм папщIэ, УФ-м и ХэхакIуэ комиссэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм зэIущIэм щаритыжащ Шапиевым. Абыхэм ящыщщ Евтушенкэ Сергей, Бещтокъуэ Мурат, Хьэмокъуэ Залым, Бекъан Залым, Егоровэ Галинэ, ЛутI Алий, Къущхьэ Анатолэ, Нало Николай, КъуэщIысокъуэ Залым, Соловьев Владимир сымэ.

Апхуэдэуи политикэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ, КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъхэр Жанатаев Сэлим яритыжащ Джаппуев Мусэ, Гъуэгузокъуэ Хьэсэнбий, Мэршэн Борис, Соколовэ Татьянэ, Щхьэгъэпсо Маринэ сымэ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм хэтахэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм папщIэ фIыщIэ яхуищIащ, дяпэкIи ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

● Щапхъэ

Ныбжьэгъугъэм гъунапкъэ иIэкъым

Зи гугъу фхуэсщIынур Iуэху къызэрыгуэкI гуэру щытынкIи мэхъу. Ауэ еджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ я фIыщIэ тхыгъэм абы трагъэчыныхьащ.

АРТЕК щыIауэ сабий 62-рэ Дагъыстэным щытшэжым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Аруан щIыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм и Iэшэлъашэм ди автобусыр щыкъутащ. Дагъыстэным и щIыпIэ псоми щыщ сабий куэд зэрытщIыгъум хуабжьу дригузавэрт. Зызыхуэдгъэзэнури къэдгупсысынури къытхуэщIэртэкъым, ремонтым хуэзэну ахъши тIыгътэкъым. НыбжьыщIэхэр пIыщIэрт, къэмэжэлIат.

Абдежым дызыпэмыплъа къэхъуащ: Аруан щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт къэсри, абы и унафэкIэ школым дашащ, IэфIуи дагъэшхащ. Старэ Шэрэдж къуажэм и езанэ курыт еджапIэм дыщыIэху, район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Щоджэн Риммэ сабийхэм гуапэу епсэлъылIащ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я гугъу ящIащ. Ди ныбжьыщIэхэм къащIащ Аруан щIыналъэри, абы и центр Нарткъали, Дербенти дарэгъу зэхуэхъуауэ зэхущытыкIэ дахэ яку зэрыдэлъыр. Апхуэдэу гуапэу дезыгъэблэгъа езанэ школыр илъэс куэд хъуауэ Дербент щрагъэкIуэкI Урысейпсо олимпиадэм зэрыхэтыр икIи ди республикэм и еджапIэхэм пыщIэныгъэ быдэ зэрыхуаIэр.

Я щхьэхэм, я ехъулIэныгъэхэм тепсэлъыхьу, хэгъэрейхэр гъунэгъуу зрагъэцIыхуу, зэгъусэу уэрэд жаIэу, Гамзатов Расулрэ Дагъыстэным и адрей усакIуэхэмрэ я усэхэм къеджэу зэманыр ягъэкIуэху, районым и Iэтащхьэм гуп щхьэхуэ къигъакIуэри, ди автобусыр зэрагъэпэщыжащ. КъищынэмыщIауэ, Аруан щIыналъэм и автобуситI школым деж щагъэуват, дыдейр яхуэмыщIыж хъумэ, ди сабийхэр абыхэмкIэ нытхуашэжыну.

Гуапэу дызэбгъэдэкIыжащ. Ди Iыхьлыхэм я деж дыщыIауэ фIэкIа къытщыхъуакъым. Автобусыр и щхьэусыгъуэу дызэхуэзэну къытхуиухами, псори дызэрыблагъэ гъунэгъур, зыр адрейм зэрыхуэныкъуэр ди сабийхэм нэрылъагъу ящытщIын зэрыхуейм дызэхуишауэ къыдолъытэ. ДыщигуфIэгъуи гугъуехьхэр къыщытлъыкъуэкIи. Я зэфIэкIым, я гъэсэныгъэ дахэм папщIэ, районым и унафэщIыр ди ныбжьыщIэхэм къазэрыщытхъур зэхэпхыну гуапэт. Ар «Артек» урысейпсо лагерым ди сабийхэм щагъуэта гукъыдэжым пызыщэт, зэныбжьэгъугъэм и мыхьэнэр, и лъапIэныгъэр щIэзыгъэбыдэ Iуэхут.

Тхьэмахуэ махуэу хуэзами, сыхьэтищ иримыкъуэм къриубыдэу ди автобусыр зэрагъэпэщыжри, дызэхуэарэзыуэ дежьэжащ. Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт пщыхьэщхьэм нэпсэлъати, тэмэму, бэIутIэIуншэу дызэрынэсыжар къыжетIащ.

БОГАНДОВ Абдул-Къадир.

Мэхъэчкъалэ

«Законхэр гъэхьэзырынымкIэ си жэрдэм» зэпеуэр къызэIуах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къызэIуех еджапIэхэмрэ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэмрэ я щIалэгъуалэм «Законхэр гъэхьэзырынымкIэ си жэрдэм» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэр.

АБЫ хэтхэм къагъэхь лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщакIуэ комитетым къаIихынущ 2017 гъэм гъатхэпэм и 1-м нэсыху.

Лэжьыгъэхэр къыщыIахынущ мы адресымкIэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 55, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унэ, пэш №105.

Конкурсыр зэрекIуэкIыну щIыкIэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыфщI хъунущ мы телефонхэмкIэ: 42-60-84, 40-45-26.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Никъуэдыкъуэхэм я махуэм ирихьэлIэу

Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым и «Ветеран» клубым дыгъэгъазэм и 8-м къалэ паркым и къэфапIэм къыщызэрегъэпэщ Никъуэдыкъуэхэм я махуэм теухуа зэхыхьэ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 15-рщ.

Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Дыгъэгъазэм и 9-р Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэщ

Совет Союзым и Маршал. Совет Союзым и плIэнейрэ и ЛIыхъужь Жуков Георгий

Совет Союзым и Маршал. Совет Союзым и тIэунейрэ и ЛIыхъужь Рокоссовский Константин

Зи хахуагъэр тхыдэм къыхэнахэр

ХЭКУМ и ЛIыхъужьхэм я махуэр гъэлъэпIэныр ди къэралым щаублащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир «Зауэм и щIыхьым и махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ хилъхьа нэужь. 1917 гъэм нэсыхукIэ дыгъэгъазэм и 9-м (жьымкIэ щIышылэм 26-м) Урысейм щагъэлъапIэу щытащ Георгий орденыр зыхуагъэфэщахэм я махуэр. 1769 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м Екатеринэ ЕтIуанэм унафэ ищIащ Георгий щихъым и цIэкIэ лIыгъэ къагъэлъагъуэу, я хэкум и щIыхьыр яхъумэу зауэм хэта зауэлIхэм орден яритыну. УФ-м и дзэм хэтхэм а дамыгъэ лъапIэр ирату щыщIадзар 2000 гъэрщ. 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м щегъэжьауэ Совет Союзым, Урысей Федерацэм я ЛIыхъужьхэм, ТекIуэныгъэр къззыхьа Георгий щихъым и орден, ЩIыхьым и дамыгъэхэр зратахэм я махуэу ягъэлъапIэ.

Георгий щихъым и орденыр дзэм хэтхэм я лIыгъэм, къагъэлъагъуэ ехъулIэныгъэхэм я дамыгъэ лъапIэу щытащ. Нагъыщэу плIы зиIэ орденыр Урысейм и дамыгъэхэм я нэхъ лъапIэу къалъытэрт. КъыхэгъэщыпхъэщI: орденым и сыт хуэдэ нагъыщэми ар зратам я лIакъуэм уэркъ цIэр зэрахьэну хуит ищIырт. Орденым и 4-нэ нагъыщэр илъэс 25-кIэ дзэм хэтахэм е илъэс 18 - 20-кIэ флотым къулыкъу щызыщIахэм (зауэ гуэрым хэтамэ) хуагъэфащэрт. Мы орденыр зратахэм я цIэхэр Кремлым и Георгий пэшым и мывэ блыным 1849 гъэм щегъэжьауэ тратхэ.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Урысейм революцэ къыщыхъун ипэ Георгий щихъым и орденым и япэ нагъыщэр зыхуагъэфэщар зэрыхъур цIыху 25-рэ къудейщ. Япэ дыдэу а орденыр иратащ пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм, урыс дзэзешэ цIэрыIуэ Румянцев-Задунайский Пётр, ар абы хуагъэфэщауэ щытащ 1770 гъэм и шыщхьэуIу мазэм Ларгерэ Кагулерэ деж тыркудзэм зэращытекIуам и щIыхькIэ.

Георгий и дамыгъэ лъапIэм и нагъыщэ псори хуагъэфэщауэ тхыдэм къыхэщыжыр цIыхуиплI къудейщ. Ахэр: пщы, генерал-фельдмаршалхэу Кутузов-Голенищев Михаил, Барклай-де-Толли Михаил, граф, генерал-фельдмаршалхэу Дибич-Забалканский Иван, Паскевич-Эриванский Иван сымэщ. Япэ, ещанэ нагъыщэхэр цIыхуищым - генерал-фельдмаршал Потёмкин-Таврический Григорий, генералиссимус Суворов-Рымникский Александр, граф Беннигсен Леонтий - иратащ.

Адыгэхэм ящыщу Урысей къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэхэр зратар куэд дыдэ мэхъу. Абыхэм ящыщщ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Къардэн Къубатий, Къуэныкъуей Назир, Хьэбэч Умар, Андырхъуей Хъусен, Нэхей Даут, Урысейм и ЛIыхъужь Къардэн Уэхьид, «ЩIыхь» орденым и нагъыщэхэр къэзыхьахэу ЩхьэкIумыдэ Мэсхьуд, Мусэ Менлы, Георгий жорым и нагъыщиплIри зыхуагъэфэща Джэтау Уэлий, контр-адмирал Тхьэгъэпс Мэжид, Урыс армэм и полковник, лIыхъужь ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ. Урысейм и лIыхъужь цIэрыIуэхэм ящыщщ Урысей Правительствэм и УнафэщIу илъэс зэхуэмыдэхэм щытахэу дзэзешэ Iэзэ Черкасский Яков (Урыскъан), Черкасский Алексей, Черкасский Иван сымэ, япэ урысей генералиссимус Черкасский Михаил (Алей), урыс дзэзешэ цIэрыIуэ, дипломат, щIэныгъэлI Бекович-Черкасский Александр, урыс дзэзешэ, дипломат Идар Мамсырыкъуэ, урыс дзэзешэ хахуэ, пщы, дипломат Черкасский Къасболэт сымэ, нэгъуэщIхэри.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Урыс дзэзешэ цIэрыIуэ, дипломат, щIэныгъэлI Бекович-Черкасский Александр



Урыс дзэзешэ хахуэ Черкасский Дмитрий

Япэ урысей генералиссимус Черкасский Михаил (Алей)

Урыс армэм и полковник, лIыхъужь ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ

Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ

Георгий жорым и нагъыщиплIри къэзыхьа Джэтау Уэлий



Урыс адмирал щэджащэ Ушаков Федор

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий

● Гу зылъытапхъэ

ЗауэлI щIыхьым и къалэхэм я союзым и жьауэм щIэту Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм хуэгъэпсауэ ирагъэкIуэкI урысейпсо Iуэхум хиубыдэу Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр къызэрегъэпэщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэм пэмыжыжьэу щыIэм деж дыгъэгъазэм и 9-м сыхьэти 10-м къыщызэхуэсынущ курыт школ №5-м щеджэхэр.

Дэшхуей хадэм ит «Налшык зауэлI щIыхьым и къалэщ» стелэм деж сыхьэт 11-м пэкIу щызэхыхьэнущ икIи абдеж удз гъэгъахэр щагъэтIылъынущ.

● Сессиехэр

Лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ

Дзэлыкъуэ щlыналъэм Щlыпlэ самоуправленэмкlэ и советым и еханэ хэхыгъуэм и еплlанэ сессиер зэхэтащ. Ар иригъэкlуэкlащ район советым и унафэщl Елчэпар Мулэед.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэм и къуэдзэ - щlыпlэ самоуправленэм и Iуэхухэмкlэ къудамэм и унафэщl **Сарбашевэ Светланэ**, республикэм и лlыщхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмрэ я Iуэхухэмкlэ и управленэм и нэхъыжь **Емуз Алихъан**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат **Махуэлl Азэмэт**, Дзэлыкъуэ муниципальнэ щlыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащlэ **Джатэ Руслан**, зэпеуэр езыгъэкlуэкlа комиссэм щыщхэр, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм, щlыпlэ администрацэм и унафэщlым деж щыlэ Жылагъуэ советым, районым и жылагъуэ институтхэм я лlыкlуэхэр, Iимамхэр.

Зэхыхьэм щыхэплъащ Дзэлыкъуэ муниципальнэ щlыналъэм и щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэр гъэувыным и Iуэхум.

Район администрацэм и унафэщlым и къулыкъум хущlэкъуу кандидатитlым я тхылъхэр ятати, зэпеуэр езыгъэкlуэкlа комиссэм Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр текlуауэ къилъытащ. Абы ипкъ иткlэ, зэпеуэмкlэ комиссэм и унафэщl Къущхьэ Масирэт Дзэлыкъуэ муниципальнэ щlыналъэм и щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувыну Джатэ Руслан и кандидатурэр сессием къыщыхилъхьащ. Апхуэдэу Къущхьэ Масирэт къигъэлъэгъуащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэр Джатэ Руслан зэрителъхьэр икlи зэпеуэмкlэ комиссэм и унафэр къыдащтэну депутатхэм зэрызакъыхуигъэзар.

Къыхалъхьа кандидатурэр даlыгъыу зэхыхьэм къыщыпсэлъащ райсоветым и депутат, Къамылыкъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къанкъул Алик**, Чыщбалъкъ къуажэ советым и депутат **Апыч Iэниуар**, «Зольские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Бжьахъуэ Ранетэ**, районым и Пенсэ фондым и унафэщl **Мамбэт Люсэ**, щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэм деж щыlэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Якушенкэ Сергей**, Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм дэт прогимназием и унафэщl, районым и цlыхубзхэм я советым и гуащэ **Шал Любовь**, Чыщбалъкъ къуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Умаров Хьэсэн** сымэ.

Абыхэм къыхагъэщащ Джатэ Руслан зэрылэжьакlуэшхуэр, зэрыкъызэгъэпэщакlуэфlыр, муниципалитетым зэпlэзэрыту зэрызиригъэужьыр. Псоми къагъэлъэгъуащ щlыналъэм щекlуэкl зэхъуэкlыныгъэфlхэр псом япэу Джатэм зэрифlыгъэр, властым и хабзэубзыху, и гъэзэщlакlуэ къудамэхэмрэ жылагъуэ советхэмрэ зэрыщlэу, зэуlуу зэрызэдэлажьэм ехъулlэныгъэ нэрылъагъухэр къызэрыдэкlуэр.

Джатэ Руслан и кандидатурэр депутатхэм зэдэарэзыуэ даlыгъащ. Иужькlэ УФ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я законодательствэм ипкъ иткlэ, щlыпlэ самоуправленэмкlэ советым и унафэщl Елчэпар Мулэед Дзэлыкъуэ муниципальнэ щlыналъэм и администрацэм и унафэщlу хаха Джатэ Руслан лэжьыгъэ зэгурыlуэныгъэ иращlылlащ. Сарбашевэ Светланэрэ Махуэлl Азэмэтрэ районым и цlыхухэм ирагъэза дзыхьышхуэмкlэ абы ехъуэхъуащ, и Iэнатlэм ехъулlэныгъэ щиlэну зэрагуапэр, районым зэпlэзэрыту зегъэужьыным и къарумрэ и зэфlэкlымрэ дяпэкlи зэририхьэлlэнур я фlэщ зэрыхъур къыхагъэщащ.

Езы Джатэми сессием хэтхэм захуигъэзащ.

- Пlалъэ пыухыкlакlэ цlыхубэм сахуэлэжьэну фи дзыхь къызэвгъэзащ. Ар си дежкlэ пщlэшхуэщи, зэрызгъэпэжыным сыхущlэкъунущ. Нэгъуэщlуи хъунукъым, ауэ сыт хуэдэ мурадыфlхэр, жэрдэмхэр симыlэми, цlыхухэмрэ районым и активымрэ къыздамыlыгъмэ, ахэр тхуэгъэзэщlэнукъым. Абы къыхэкlыу, ди щlыналъэм, ди цlыху гъуэзэджэхэм я сэбэп хэлъу, купщlафlэу дызэдэлэжьэну фыкъыхузоджэ. Си къарури, си акъылри, си щlэныгъэри Дзэлыкъуэ муниципальнэ щlыналъэм и зыузэщlэныгъэм хуэзгъэпсыну фыкъызогъэгугъэри, си мурадхэр къыздэфщтэну сыныволъэlу.

Районым и унафэщlу сызэрылэжьа иужьрей илъэсищым нэсым сриплъэжмэ, дызыхунэмысахэр мащlэкъым. Тхузэфlэкlыу щытамэ, щlыналъэм щыпсэу дэтхэнэми и Iуэхур хузэфlэтхынт. Ауэ псоми ди нэгу щlокl ди къэралым зэпымыууэ къызэрытракъузэр, мылъкур зэригъэзэхуэн зэрыхуейр. Сыт хуэдэ щытыкlэ димытми, экономикэ и лъэныкъуэкlэ районым бгъэдэлъ зэфlэкlыр къэдгъэсэбэпыну, ар и лъабжьэу социальнэ Iуэхухэр едгъэфlэкlуэну къытпэщытщ. Дызэрызэдэлажьэ зэманым къриубыдэу къэдми дыхунэсащ. Депутатхэм, къуажэхэм я Iэтащхьэхэм, организацэхэм, Iэнатlэхэм, еджапlэхэм, сабий гъэсапlэхэм, дин Iуэхущlапlэхэм я унафэщlхэм, нэхъыжьыфlхэмрэ жылагъуэмрэ абыкlэ фlыщlэ яхузощl.

Лэжьыгъэшхуэ къытпоплъэ. Цlыхухэм я псэукlэр къэlэтыным, щlэблэр гъэсэным, экологие, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, инфраструктурэр егъэфlэкlуэным, нэгъуэщlхэри зэгъэхъулlэным хуэунэтlауэ къалэныщlэхэр къытпэщытщ. Икlи, дызэкъуэту дегугъумэ, абыхэм дазэрыпэлъэщынум шэч хэлькъым, - къигъэлъэгъуащ Джатэ Руслан.

● Къулыкъухэр

Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр

1954 гъэм шыщхьэlум и 19-м Каменномост къуажэм къыщалъхуащ. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ иlэщ. 1975 гъэм КъБКъУ-р, 1992 гъэм УФ-м и МВД-м и юридическэ школ нэхъыщхьэр къиухащ.

1975 гъэм и щэкlуэгъуэм къыщыщlэдзауэ 1992 гъэм и фокlадэ пщlондэ КъБР-м и МВД-м къулыкъу зэмылlэужьыгъуэхэр щрихьэкlащ, 1992 гъэм и фокlадэм щегъэжьауэ 2006 гъэм и накъыгъэ хъуху Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэм и унафэщlу лэжьащ.

2013 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщlэдзауэ 2014 гъэм и щlышылэ пщlондэ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэм и къуэдзэщ - къэрал кlуэцl политикэмкlэ управленэм и унафэщlщ.

2014 гъэм и щlышылэм щегъэжьауэ 2016 гъэм и фокlадэ хъуху Дзэлыкъуэ щlыналъэм и щlыпlэ администрацэм и Iэтащхьэщ. Фокlадэм и 30-м къыщыщlэдзауэ щэкlуэгъуэм и 24 пщlондэ районым и щlыпlэ администрацэм и унафэщlым и къалэнхэр игъэзэщlащ.

Iэнатlэм къыщихьа ехъулlэныгъэхэм икlи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкlыу, «Хэкум и пащхьэм щиlэ фlыщlэхэм папщlэ» орденым и етlуанэ нагъыщэ медалрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъырэ къыхуагъэфэщащ, «КъБР-м щlыхь зиlэ и юрист» цlэ лъапlэр къыфlащащ.

ЩОКЪУИЙ Iэминэ,
Дзэлыкъуэ муниципальнэ щlыналъэм и щlыпlэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

● Фэеплъ пшыхьхэр

ЗэIущIэр Къэзанш Мирландрэ Хьэгъэжей Иринэрэ ирагъэкlуэкl.

Зэманым япэ ища

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дыгъэгъазэм и 2-м щекlуэкlащ «Къумахуэ Мурадин: зэманым япэ ища» тхылъыщlэр дунейм къызэрытехьам теухуа зэхыхьэ. Къэрал куэдым къыщацlыхуа физик щэджащэр псэужамэ, щэкlуэгъуэм и 26-м илъэс 75-рэ ирикъунут.

ФЭЕПЛЪ пшыхьым и къызэгъэпэщакlуэ нэхъыщхьэу щытар КъБКъУ-м Физикэмрэ математикэмкlэ и институтымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэмрэщ.

Физик цlэрыlуэр ягу къагъэкlыжыну зэхыхьэм къекlуэлlахэщ Мурадин къыщыхъуа Лэскэн Етlуанэ къуажэм щыщу къэзыцlыхуу щытахэмрэ и благъэхэмрэ, щlэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр щегъэчыныфкlэ дэlэпыкъуэгъу зыхуэхъуауэ щытахэр, Iуэхур щекlуэкl еджапlэ нэхъыщхьэм физикэмрэ математикэмкlэ куэд щlауэ щезыгъаджэ нэхъыжьыфlхэр, республикэм и щlыпlэ псоми къикlахэу класс нэхъыжьхэм щlэс ныбжьыщlэхэмрэ абыхэм я гъэсакlуэхэмрэ, нэгъуэщlхэри.

Къызэхуэсахэм фlэхъус псалъэкlэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и ректор **Алътуд Юрий**.

- Зи гугъу тщlы тхылъыр къызыхудагъэкlа щlэныгъэлl цlэрыlуэм, Къумахуэ Мурадин, дригушхуэ зэрыхъунум шэч къытетхьэркъым. А физик щэджащэм зэман гуэркlэ сыдэлэжьауэ зэрыщытами си щхьэр лъагэу сегъэлъагъуж. Къумахуэ Мурадин ящыщщ, ди къэралыр дэнэ къэна, дунейпсо щlэныгъэр ипэкlэ зыгъэкlуэтахэм, - жиlащ еджапlэ нэхъыщхьэм и унафэщlым.

Лэскэн Етlуанэ къуажэм къикlахэм я цlэкlэ зэlущlэм къыщыпсэлъащ Мурадин и гъусэу зы школым щlэса, мэкъумэш щlэныгъэхэм я кандидат **Уэркъуасэ Владимир**.

- Мурадин унагъуэм къихъуа сабиихым я нэхъыщlэ дыдэт. Я адэр, республикэм фlыкlэ къыщацlыхуу щыта Iэбубэчыр Мэсхьуд и къуэр, Хэку зауэшхуэм и зэманым 115-нэ шуудзэм ираджауэ щытащ. Зэхэуэ гуащlэхэм псэемыблэжу здыхэтым, абы и щхьэр хилъхьащ. Iэбубэчыр и бынхэм ящыщ Мулэед псом нэхърэ нэхъ губзыгъэу икlи зэчиягъэшхуэ бгъэдэлъу ябжырт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, и ныбжьыр илъэс 19 фlэкlа мыхъуауэ, а щlалэр дунейм ехыжащ. Бынхэм я нэхъыжьу икlи я адэ пэлъытэу къэна Башир университетым экономикэмкlэ и факультетыр къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ икlи абы и япэ декан хъуауэ щытари аращ. Иужькlэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием экономикэмкlэ и кафедрэм и унафэщlу илъэс куэдкlэ лэжьащ. Ныбжькlэ курыт Мухьэдин бзэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор цlэрыlуэ, ди къэралми, хамэ щlыпlэхэми къыщацlыху лингвист Iэзэ хъуащ. «Адыгэ (шэрджэс) энциклопедие» зыфlаща тхылъ гъуэззэджэм и редактор нэхъыщхьэу щытари аращ.

Езыр щылэжьари щыпсэуари Мэзкуущ. Налшык къалэ и уэрамхэм ящыщ зым Мухьэдин и цlэр зэрехьэ. Шыпхъухэм ящыщ Антонинэ, биологием дихьэхри, щlэныгъэхэм я кандидат хъуащ, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием биологиемкlэ и кафедрэм и унафэщlу илъэс куэдкlэ лэжьащ. Лэскэн Етlуанэм и уэрамдэкlхэм ящыщ зым Къумахуэ зэкъуэшхэм я цlэр зэрехьэ.



Уэркъуасэ Владимир.

Мурадин и шыпхъу Анусэ.

Пшыхьым къеблэгъахэм ящыщщ Мурадин и шыпхъу **Анусэ**.

- Ди анэр колхозым щылажьэрт, хадэхэкlхэр зыгъэкl бригадэм хэтти, махуэ къэс абы кlуэн хуей хъурт. И бынхэм я нэхъыщlэ дыдэт Мурадини, ар сэ къысхуигъанэрт. Арагъэнкlэ хъунщ ноби си дэлъху нэхъыщlэм гурэ-псэкlэ сепхауэ къыщlысщыхъур. И цlыкlущхьэм щегъэжьауэ Мурадин губзыгъэ дыдэу щытащ. Школым щlэсу, къыкlэлъыкlуэ классым щаджхэр зригъащlэри, абыхэмкlэ экзамен итащ. Икlи, и ныбжьыр илъэс 16 фlэкlа мыхъуауэ, щlэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтыну Мэзкуу кlуауэ щытащ. Зэрыгубзыгъэм и мызакъуэу, цlыхугъэшхуи хэлъащ. Щхьэхуэфlагъ лъэпкъ жыхуэпlэр ищlэртэкъым. Цlыху щабэт. Нэгъуэщlхэм дэlэпыкъуэгъу яхуэхъуфмэ, и гур абы ин ирихъурт. Зэрымыпсэужыр хуабжьу сигу къоуэ, ауэ сыт сщlэн! - жиlащ Анусэ.

Зэlущlэм зыкъырагъэхьэлlэну хуеяхэу къэмыкlуэфахэм ящыщщ Къэзахъстаным и Лъэпкъ педагогикэ университетым и физико-технологие центрым и унафэщl, физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Купчишин Анатолий**. Пшыхьым щызэхуэсахэм абы видеокlэ закъыхуигъэзащ.

- Къумахуэр физикэ щlэныгъэм быдэу дихьэха, абы и куупlэхэм фlыуэ щыгъуазэ, ахэр щlалэгъуалэм зэрызахригъэщlэным зэпымыууэ яужь ита цlыхущ. Мурадин къигупсысащ зихуэдэ щымыlэ, иужькlэ «Къумахуэм и Iэмэпсымэхэр» зыфlаща технологиещlэхэри...

И псалъэ гуапэхэм къадэкlуэу, Купчишиным и видео тыгъэм уэрэд зыбжанэ, Мурадин и къэхутэныгъэщlэхэм теухуауэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щекlуэкlауэ щыта конференцхэм хэта иужькlэ иусауэ щытахэр, щыжиlащ.

Къумахуэ Михаил и Iэщlагъэкlэ социологщ, арами, куэд зэрыхузэфlэкlыр къигъэлъагъуэу, Рентген оптикэмкlэ институтым и унафэщlым и къуэдзэу илъэс куэдкlэ лэжьащ.

- Мурадин теухуауэ япэ тхылъ дунейм къытезыгъэхьауэ щытари Купчишин Анатолийщ, - жиlащ Михаил, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм. - И гукъэкlыжхэр иту, абы ар Къэзахъстаным и къалащхьэ Алматы 2015 гъэм къыщыдигъэкlауэ щытащ. Мурадин сызэрыдэлэжьа илъэс 21-м къриубыдэу, и гугъуехьи и гуфlэгъуи дэзгуэшащ. А псом я гугъу тхуэмыщlми, Мурадин и хьэл нэхъыфlхэм ящыщ зым, хэкупсэ нэсу ар зэрыщытам, кlэщlу сыкъытеувыlэнщ. СССР-р зэрылъэлъэжрэ куэд мыщlауэ, 1992 гъэм ар США-м ирагъэблэгъауэ щытащ, дуней псом щыцlэрыlуэ Ливерморскэ лабораторэм и лэжьэкlэр ирагъэлъагъун мурадыр яlэу. Абдежым Мурадин къыщраlуэкlащ, здэкlуам къыщынэмэ, ядернэ физикэм щригъэкlуэкl къэхутэныгъэхэр игъэкlуэтэнымкlи, и псэукlэр иригъэфlэкlуэнымкlи зэрызыкъыщlагъэкъуэнур. Арщхьэкlэ ди къуэшыр, зэхихар «и тхьэкlумэ имыхьа» хуэдэ зищlурэ, и пlалъэр иухыху ядыхэтри, и Хэкум къигъэзэжауэ щытащ... Сэ къыслъысу, сызыщыщ лlакъуэм и цlэкlэ фlыщlэ ин яхузощl мы зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэм, КъБР-м и унафэщlхэм, КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрий, Жылагъуэ палатэм Егъэджэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм хэтхэм, университетым физикэмрэ математикэмкlэ и институтым щылажьэхэм.

Зэхыхьэр езыгъэкlуэкlахэм щlыхьэпlэм деж къыщызэрагъэпэща, «Къумахуэм и системэхэр» зыфlаща гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуэхьэса экспонатхэм пэшышхуэм щlэсауэ къыщlэкlыж балигъхэмрэ ныбжьыщlэхэмрэ Iуагъэплъащ. Хьэпшыпхэр зэщlэзыгъэуlуар Къумахуэ Михаилщ. Абы щыщ зы Iыхьэ Лэскэн Етlуанэ къуажэм дэт курыт еджапlэм и музейм тыгъэ хуащlащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Налшык

ИлъэсыщIэпежьэ

Налшык ИлъэсыщIэ псейхэр щагъэув.

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ, Абхъазым, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400-рэ зэрырикъум я цlэкlэ щыlэ утыкухэм, щыхьэрым и къыдыхьэпlэхэм щlадзауэ щагъэув псей уардэхэр. Псейм и мэ гуакlуэм уитхьэкъуу илъэс тlощlырыпщlым нэса жыгышхуэхэр щагъэуву щыта зэманыр блэкlащ, а дахагъэр хъумэн зэрыхуейм тращlыхьри. Абыхэм япlэм къихутащ Iэрыщlхэр. Ауэ ахэри дэбгъуэн щымыlэу дахэщ, екlущ. ЗэщlэпщlыпщlэуфIабла цlуугъэнэ фэзэхъуэкlхэм хъуреягъыр къагъэнэху.

Псейм и щыгу нэгъабэ фlэлъар уэгум щыпщlыпщl вагъуэрщ. Мы гъэми ара, хьэмэрэ зэрахъуэкlыну - ар дизайнерхэм я щэхущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Егъэджэныгъэ

Бифрендерхэр зэвгъэцIыху

Налшык къалэ дэт «Призвание» медицинэ колледжым иджыблагъэ щекlуэкlащ «Бифрендингымкlэ школ» волонтёр зэгухьэныгъэм хэтхэм я зэlущlэ. Семинар щlыкlэу къызэрагъэпэща а зэхуэсым щlалэгъуалэр щыхурагъэджащ бифрендер Iэщlагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм. Зэхуэсыр егъэкlуэкlыныр зи жэрдэмыр «Бифрендингымкlэ школым» и унафэщl Накуэ Алинэщ.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЦИ, бифрендингыр - ар някъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ, ди гулъытэ хуэныкъуэ цlыхухэм (я ныбжьым емылъытауэ) яхуэгъэза лэжьыгъэщ. Бифрендерхэм (аращ апхуэдэ волонтёрхэм зэреджэр) я къалэн нэхъыщхьэр зи гугъу тщlы цlыхухэр гъащlэм жыджэру къыхэшэнырщ, я узыншагъэкlэ абыхэм ябгъэдэлъ някъусаныгъэр куэдым пэlэщlэ узыщl узыфэу къащымыгъэхъунырщ, жылагъуэм зэрыхэтын Iэмалыщlэхэр абыхэм къахузэlухынырщ.

А Iуэхугъуэхэращ медицинэ колледжым и студентхэр щыгъуазэ зыхуащlари. Семинарым абыхэм къыщащlащ някъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ цlыхум и псэм щыщlэхэр, иlэ гупсысэхэр зыхуэдэр, абыхэм зэрахущытыпхъэм и хабзэхэр, апхуэдэхэм гушхуэныгъэрэ фlэщхъуныгъэрэ яхэлъхьэным мыхьэнэшхуэ зэриlэр. Проектым хэт волонтёрхэм дяпэкlи тренингхэр драгъэкlуэкlынущ. Студентхэр иужькlэ кlуэнущ зи ныбжь хэкlуэтахэр щапlыж унэхэм, зи узыншагъэм някъусаныгъэ иlэ сабийхэр щыпсэу центрхэм, щеджэ школхэм. Гууз-лыуз зиlэ, набдзэгубдзаплъагъэ зыхэлъ апхуэдэ бифрендерхэр зэрыхъукlэ сэбэп яхуохъу жылагъуэ гъащlэм щекlуэкl куэдым пэlэщlэ цlыхухэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 8,
махуэку

♦**Урысей казначействэр къыщызэрагъэпэща махуэщ.** 1992 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Iэ щlидзащ «Федеральнэ казначействэм теухуауэ» законым.

♦**Узбекистан Республикэм и лъэпкъ гуфlэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ**

♦**Къыргъызстаным и радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакlуэхэм я махуэщ**

♦**Болгарием щагъэлъапlэ студентым и махуэр**

♦**1955 гъэм** Европэм и Советым и Парламентым а зэгухьэныгъэм и ныпыр къищтащ. Иджыпсту ар Евросоюзым и ныпщ.

♦**1980 гъэм** рок-музыкант, уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ, композитор, усакlуэ, художник, «Битлз» гупым (Инджылыз) и къызэгъэпэщакlуэ икlи и пашэ Леннон Джон яукlащ.

♦**1991 гъэм** Белоруссием щыщ Вискули щlыпlэм деж РСФСР-м и Президент Ельцин Борис, Украинэм и президент Кравчук Леонид, Беларусь Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщl Шушкевич Станислав сымэ Iэ щыщlадзащ СССР-р зэрыщымыlэжым, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэр (СНГ) къызэрызэрагъэпэщым теухуа зэгурыlуэныгъэм.

♦Уэрэджыlакlуэ, УФ-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Шэрий Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Румяновэ Кларэ** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Киномрэ театрымрэ я актёр цlэрыlуэ, Урысейм и цlыхубэ артист **Борисов Лев** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦СССР-ми УФ-ми я цlыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр плlэнейрэ зыхуагъэфэща **Фрейндлих Алисэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысейм и цlыхубэ артист **Стеблов Евгений** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ, дуней псом щыцlэрыlуэ актрисэ, «Оскар» саугъэтыр зрата **Бэсинджер Ким** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ адыгэ кинорежиссёр, Японием, Иракым, Иорданием щекlуэкlа кинофестивалхэм щытекlуа **Анзор Нэждэт** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Андемыркъан** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦АР-м и цlыхубэ сурэтыщl **Еутых Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык бзыгъэу щыщытынущ. Щlыlэр махуэм градуси 7 - 6, жэщым градус 11 - 9 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 9,
мэрем

♦**Лъэпкъгъэкlуэд щlэпхъаджагъэ зыкlэлъызэрахьэу ягъэкlуэдахэр ягу къыщагъэкlыж, геноцидыр мыдэным я дунейпсо махуэщ**

♦**Iулъхьэ тын-къеlыхыным пэщlэтыным и дунейпсо махуэщ.** 2003 гъэм Меридэ къалэм (Мексикэ) щекlуэкlа конференцым Iэ щытрадзауэ щытащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм Коррупцэм пэщlэтыным хуэунэтlауэ къищта Конвенцэм.

♦**Урысейм щагъэлъапlэ Хэкум и Лlыхъужьхэм я махуэр**

♦**1923 гъэм** «Звезда» литературэ журналыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1960 гъэм** лажьэу яутlыпщащ Волжскэ ГЭС-р.

♦**1992 гъэм** США-м щlэныгъэхэмкlэ и лъэпкъ академием къыщызэрагъэпэщащ «Сорос и Фонд» зыфlаща псапащlэ зэгухьэныгъэр. Ар зи жэрдэмри зи мылъкукlэ лажьэри меларыдырыбжэ Сорос Джорджщ (иджыпсту абы доллар мелард 24,9-рэ иlэу къагъэлъагъуэ).

♦Урысей армэм и генерал-майор, къэралым и дамыгъэ лъапlэ куэд зыхуагъэфэща **Анзор Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэрал Эрмитажым и унафэщl **Пиотровский Борис** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, продюсер, режиссёр цlэрыlуэ **Малкович Джон** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щlэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Щауэхужь Замир** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык къешхкъесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пагэр мэгыз.

Экономикэ

Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ

Жылагъуэ Іуэху

Урысейм гуэдзымкІэ пашэныгъэр еубыдыж

● ЕрыскъыхэкІ

Щэк Іуэгъуэм и 18 - 19-хэм Сочэ къалэм щекІуэкІащ Гуэдзым елэжьхэм я II дунейпсо форумыр. Ар къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрий и жэрдэмкІэ. Зэхуэсыр езыгъэкІуэкІар УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэращ.

ФОРУМЫМ и лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрий, абы и къуэдзэ Дворкович Аркадий, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Ткачёв Александр сымэ, нэгъуэщІхэри.

Дунейпсо рынокым и къэхъукъащІэ ин дыдэм Сочэ къалэм щызэхуишэсат цІыху 2500-рэ. Абыхэм яхэтащ нэгъуэщІ къэрал 27-м къикІа гупхэр, Урысей Федерацэм и щІыналъэ 49-м щыщхэр, Урысейм, нэгъуэщІ къэралхэм я агробизнесышхуэм я лІыкІуэхэр, дуней псом щыцІэрыІуэ щІэныгъэлІхэмрэ кІэлъыплъакІуэхэмрэ.

Форумым зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ ерыскъыхэкІхэмкІэ шынагъуэншагъэм и щытыкІэр, апхуэдэуи дунейпсо рынокыр гуэдзкІэ къызэгъэпэщынымкІэ Урысей Федерацэм увыпІэ лъагэ зэриІыгъри къыщыхагъэщащ абы. «Гуэдзым елэжьынымрэ абы и рынокымрэ: дунейпсо зэхъуэкІыныгъэмрэ ІэмалыщІэхэмрэ» и фІэщыгъэу япэ махуэм екІуэкІа зэІущІэшхуэм къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрий. Абы къыхигъэщащ УФ-м санкцэхэр къызэрыхуагъэувам емылъытауэ, къэралыр мэкъумэш хозяйствэм сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн зэрыхуэхъунур. «Дэ зэдухылІащ бюджетым щыщу а унэтІыныгъэм хухэтхам кІэрыдмыудыжыну, Къэрал Думэми ар къыддиІыгъащ», - жиІащ Премьер-министрым. Правительствэм и УнафэщІым апхуэдэу къыхигъэщащ гуэдз тонн мелуани 130-м нэблагъэ илъэсым кърахьэлІэныр дызыхуэкІуэ илъэсхэм ягъэзэщІэн хуей къалэну зэрыщытыр.

Пленарнэ зэІущІэм и пэ къихуэу УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Дворкович Аркадий яІущІащ нэгъуэщІ къэралхэм къикІа гупхэмрэ дунейпсо ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэмрэ. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ ерыскъыхэкІхэр къэзылэжьу дуней псом щыІэхэм деж Урысейм щиІыгъ увыпІэм зэхъуэкІыныгъэ зэригъуэтынум. Дворкович къызэрыхигъэщамкІэ, иужьрей илъэсхэм ди къэралым пашэныгъэр щиубыдыжащ дунейпсо утыкум гуэдз изышэхэм я деж. УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александр и къэпсэлъэныгъэм гулъытэ щыхуищІащ, щІыдагъэм и уасэр зэрехуэхам тепщІыхьмэ, гуэдзыр Урысейм хамэ къэралхэм щищэхэм я нэхъыщхьэ зэрыхъум.

«Гуэдзым и дунейпсо рынокым зэхъуэкІыныгъэхэр егъуэт, - къыхигъэщащ Ткачёвым. - Абы къыдэкІуэуи, дунейпсо экспортым Урысейм къыщылъыс Іыхьэр 1 процентым къыщежьэри, 10-м нэсащ. УФ-м гъэтІылъыгъэшхуэхэр иІэщ икІи абыхэм адэкІи хигъэхъуэфынущ.».

Дунейпсо форумым и етІуанэ махуэм щытепсэлъыхьащ ерыскъыхэкІ индустрием и зыужьыныгъэм и мызакъуэу, мэкъумэш хозяйствэр нобэ зыІут гугъуехьхэм. Бизнес-форумхэр ирагъэкІуэкІащ, сессиехэр къызэрагъэпэщащ.

«ТехнологиещІэхэм я техникэ» бизнес-форумым хэтахэм я Іуэху еплъыкІэр зэтехуащ: УФ-м и Правительствэмрэ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэмрэ зыхуагъэувыжа къалэн нэхъыщхьэр - илъэсым къриубыдэу гуэдз тонн мелуани 150-м нэблагъэ кърахьэлІэ - къуажэдэсхэр техникэщІэкІэ къызэрамыгъэпэщауэ зэрамыгъэзэщІэфынур.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм КъэкІыгъэхэм якІэлъыплъынымкІэ, механизацэмрэ къэкІыгъэхэр хъумэнымкІэ и департаментым и унафэщІ Чекмарёв Пётр къызэрыхигъэщамкІэ, зыхуагъэувыжа гуэдз тонн бжыгъэр къагъэкІын папщІэ техникэ паркыр хуэди 2 - 3-кІэ нэхъыбэ щІыпхъэщ - тракторхэр мин 850 - 900 хъун хуейщ, комбайнхэм я бжыгъэр мин 60-м нэгъэсыпхъэщ (иджыпсту зэрыхъур мин 18-щ).

Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Левин Сергей зэрыжиІамкІэ, Урысейм нобэкІэ хузэфІэкІыну псор игъэзэщІащ, адэкІэ агропромышленнэ унэтІыныгъэм зэрызиужьыну программэщІэ зэхэгъэувэн хуейщ. «КъыщІэдгъэкІ ерыскъыхэкІхэм я фІагъыр Іэмал имыІэу къэІэтыпхъэщ, логистикэр егъэфІэкІуэн хуейщ, зыхуэныкъуэ ухуэныгъэхэр зэрызэфІэдгъэувэн мылъку къешэлІапхъэщ», - жиІащ министрым и къуэдзэм.

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александр зэхуэсышхуэм и етІуанэ махуэм зэпсэлъэныгъэхэр дригъэкІуэкІащ Бангладеш ЦІыхубэ Республикэм ерыскъыхэкІхэмкІэ и министр Камрул Ислъам. Абы лъэныкъуэхэр щызэгурыІуащ урысей мэкъумэшхэкІхэр зэращэхуну щІыкІэмкІэ.

Гуэдзым елэжьхэм я иджырей форумыр дунейпсо мыхьэнэ зиІэ зэпсэлъапІэу къыщІэкІащ. Форумыр сэбэп хъуащ къэрал зэхуэмыдэхэм я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэнымкІэ, гуэдзым теухуауэ щыІэ проектыщІэхэр хэІущІыІу хъунымкІэ.

БЕЛЯЕВЭ Марие.
«Аргументы и факты»

Майданым теухуа судыр йокІуэкІ

● Украинэ

2014 гъэм Украинэм къыщыхъуахэм ятеухуауэ щэкІуэгъуэм и 28-м Киев щекІуэкІа судым видеом и Іэмалыр къагъэсэбэпри, хэтащ а лъэхъэнэм ди гъунэгъу къэралыгъуэм и президенту щыта Янукович Виктор. Дызэрыщыгъуазэщи, ар Дон Іус Ростов щыІэщ. Судым къыщрата язынык ъуэ упщІэхэмрэ Янукович яритыжа жэуапхэмрэ «Комсомольская правда» газетым и корреспондентхэм дыщагъэгъуазэ.

- Майданыр къыщызэрыІэтам илэжьыпхъэхэмкІэ президентыр хэт зэчэнджэщар?

- Майданым кърихьэлІахэр зэбгрыхуным теухуауэ псалъэмакъ лъэпкъ езгъэкІуэкІакъым - Украинэм и кІуэцІкІи и щІыбкІи, Урысейри абы яхэту. Политикэ кризисыр зэпІэзэрыт сщІыжын мурад сиІащ. Майданым кърихьэлІахэм зэпсэлъэныгъэхэр ядезгъэкІуэкІащ: сэ абыхэм саІущІащ зэщІэхъееныгъэм щыгъуи иужькІи. Оппозицэм и пашэхэм цІыхубэр ягъэщхьэрыуащ - ар абыхэм я къуаншагъэшхуэщ, аращ ди къэралым и зэпІэзэрытыныгъэр зэщхьэщызыхуари.

- ЦІыху дапщэ хэкІуэдауэ хъыбар уигъэщІа Украинэм и МВД-м и унафэщІым?

- Апхуэдэ бжыгъэхэр къысхуэхьыжынукъым, ауэ сощІэж зэпэщІэтыныгъэ махуэхэм псом нэхърэ нэхъыбэ зэрыхэкІуэдар. КъызэрысщыхъужымкІэ, цІыху 70 - 80 хуэдиз хъухэрт, пэж дыдэу схужыІэнукъым. УІэгъэхэр хуэдитІкІэ нэхъыбэт. Лей зытехьахэм ятеухуауэ сэ хъыбар къысІэрагъэхьащ щІышылэм и 24, 27, 30-хэм, къыкІэлъыкІуэу мазаем и 18, 19, 20-хэм. Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм связь хэхакІэ зыкъыспащІэу арат. Апхуэдэхэр президентым и администрацэм, Меигорье, си унэм щІэтт. Автомашинэм апхуэдэ связь итт, ауэ ар закъуэтІакъуэххэрэт къыщыдгъэсэбэпыр. А зэпсэлъэныгъэхэр ятхами ямытхами сыщыгъуазэкъым. Мобильнэ телефон сиІэтэкъым, зиІэр си дэІэпыкъуэгъухэмрэ хъумакІуэхэмрэт. Апхуэдэхэр цІыхуиплІ хъуурэ арат икІи ахэр си гъусэт.

- 2014 гъэм мазаем и 20-м дэнэ уздэщыІар, сыхьэт дапщэра укъыщыушар?

- А махуэм си резиденцэм сыщыІащ - сыкъыщыушар сщІэжыркъым, ауэ сытым дежи жьыуэ сыкъэтэджырт, сыхьэти 6-м нэхъ фІэмыкІыу. КъэхъукъащІэхэм сыщыгъуазэт. ТелефонкІэ зызыпысщІэ хъунур цІыхуищ къудейт: къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министрым, зыхъумэжыныгъэмкІэ ІэнатІэм и унафэщІым, прокурор нэхъыщхьэм. Абыхэм къалэн ящысщІат лъыгъажэр ягъэувыІэну, цІыхухэр зэтезыукІар сэтей къащІыну. Псоми а зы къалэнрат я пщэ дэслъхьар.

Майданым и сценарийр

- Мазаем и 20-м МВД-м и унафэщІ Захарченкэ хъыбар сигъэщІащ Евромайданыр Сириемрэ Мысырымрэ щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм и гъэпсыкІэкІэ зэрытехуэр. Сэ жысІэну сызыхуейращи, а махуэхэм къэхъуа псори сэ къызэмыпхами, сыт хуэдэ ІэмалкІи лъыгъажэр къэзгъэувыІэну сыхэтащ. Оппозицэм зэрыжиІамкІэ, радикалхэр абыхэм къедаІуэртэкъым, абыхэм Іэщэ яІыгъыу адэкІи кІуэнут.

Дзэхэр Іуагъэк Іуэтын зэрыхуейм теухуа унафэр

- 2014 гъэм мазаем и 21-м хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм я ІэтащхьэхэрІ зэхуэсшэсри, унафэ яхуэсщІащ дзэхэр ІуагъэкІуэтыну икІи украин цІыхухэм захуэзгъэзащ.

Янукович и хъумакІуэр зэраукІар

- Мазаем и 21-м си автомашинэм къеуахэщ, а лъэхъэнэм автомобиль щхьэхуэхэмкІэ хъумакІуэхэр зекІуэрт. Си хъумакІуэ яукІам зэреджэр Иванцов Дмитро Валерьевичщ. Абы и джабэм шэ къытехуащ.

- Хабзэхъумэхэм ящыщу хэт жэуапым ирашэлІар?

- Прокуратурэ Нэхъыщхьэм къэпщытэныгъэхэр иригъэкІуэкІыну унафэ хуэсщІащ, Сальковичымрэ Поповымрэ трагъэкІащ. Следователхэм зыгуэрхэри къыщІагъэщат, ауэ зэман яІакъым унафэ пыухыкІа тращІыхьыну. Майданым къыщыхъуахэм апхуэдэ Іэмал къыдатакъым. Иджыри къыздэсым зэхагъэкІакъым къуаншагъэр зи пщэ дэлъыр хэтми.

- Евросоюзым хыхьэным теухуауэ референдум щхьэ евмыгъэкІуэкІарэ?

- Яужь ситащ. Евросоюзым дыхыхьэныр къэзгъэувыІэну сыхуеяуэ аракъым, атІэ сызыхущІэкъуар абы нэхъ сэбэпынагъышхуэ къыпэкІуэу, нэхъ псынщІэу дызэрыхэзгъэнырщ. ЗэгурыІуэныгъэр ткъутэжатэкъым, атІэ къызэтедгъэувыІауэ арат.

- Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм я къуаншагъэр къыщІагъэщмэ, ахэр жэуапым ешэлІэн хуей?

- Ипэ уилъадэу цІыхур щІэпхъаджащІэу жыпІэныр - ар захуагъэкъым, бгъэдыхьэкІэ пэжкъым, цІыхум и хуитыныгъэм и лъэныкъуэкІэ ар щыуагъэшхуэщ. А упщІэм и жэуапыр хеящІэм итыну сыхуейт.

- Къызэхуэсахэм я деж щхьэ укъыщІэмыкІарэ?

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэдым я лІыкІуэхэм саІущІащ, ар хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм къатыжащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а лъэхъэнэм хъыбар нэпцІ куэд зэбграгъэхащ. Профсоюзхэмрэ ІуэхущІапІэхэмрэ я лІыкІуэхэм захуэзгъэзащ - ахэр къэувыІэну хьэзырт. ЦІыхубэм захуэзгъэзащ, абыхэм сакъызэрыщхьэщыжыр къагурызгъэІуэну сыхэтащ. Зы лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, си дежкІэ нэхъ тыншу щытынут Евросоюзым дызэрыхыхьэ дэфтэрым Іэ тездзамэ, ауэ ди къэрал Іуэхухэр нэхъыфІ хъунутэкъым. Сэ сызыхуеяр ди цІыхухэм, ди къэралым абы фІы къахудэкІуэнырщ. Нобэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэм щыхэхъуэкІэ, заводхэр къыщцыувыІэкІэ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыхъукІэ, хэт абыкІэ жэуап зыхьынур?

- Майданым властым пиубыдар пщІэжрэ?

- Шэч хэмылъу, сощІэж. Япэрауэ, Украинэмрэ Евросоюзымрэ пошлинэ хэмыту зэдэлэжьэн папщІэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІэнырщ. Псалъэмакъ куэд къекІуэкІащ абы техухуауэ. ИкІэм-икІэжым, Украинэм и унафэщІхэмрэ Евросоюзым и лІыкІуэхэмрэ мамыр зэгурыІуэныгъэм Іэ теддзащ. А зэгурыІуэныгъэр ягъэзэщІауэ щытамэ, мыпхуэдиз къэхъукъащІэр щыІэнутэкъым.

- Майданым цІыху хэкІуэдэныр хэтыт зи фейдэр?

- Сытым дежи цІэ гуэрхэр къисІуэну къыстохьэлъэ, ахэр къизыІуэн хуейр судырщ. Майданым и къызэгъэпэщакІуэ псоми политикэ жэуаплыныгъэ яхь. КІэщІу жыпІэмэ, фейдэ зиІэр Майданым и унафэщІхэрт, къарукІэ властыр зыубыдахэрщ. Си дежкІи, си гупым я дежкІи абы фейдэ хэлътэкъым. Лей къызытехьахэм я унагъуэхэм захуэзгъазэу къысхуагъэгъуну солъэІу, сэ сытри сщІащ мыпхуэдэ гузэвгъуэр къэмыхъун папщІэ икІи фи нэм сыщІэплъэу упщІэхэм жэуап естыну нобэ сыхьэзырщ. Дэ дыщІызэхуэсар пэжыр къэдгъуэтыну аращ. Дызэкъуэувэну сыхуейт. Зи суд ящІэ щІалэхэми захуэзгъэзэнут. Абыхэм мазищкІэ Украинэм и шынагъуэншагъэр яхъумащ, куэдым лей къатехьащ. Абыхэми упщІэ куэдым и жэуапыр зэхахыну хуейщ.

Порошенкэ, Тягнибок, Парубий, Яценюк сымэ захуэзгъэзэнут, нэхъапэм зэпсэлъэныгъэр зэредгъэкІуэкІыу щыта щІыкІэм тету. СщІэркъым, ар тхузэфІэкІыну пІэрэ? Абыхэми, а лъэхъэнэм си гъусэу щысахэми я нэгу сиплъэну сыхуейт.

- КъызэрыІэтахэр ІэщэкІэ зэбграхуну унафэ пщІат?

- Хьэуэ, сщІакъым.

- Администрацэхэм я унэхэр щаубыдам хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм щхьэ зыри ямыщІарэ?

- А зэманым къыпхуегъэгъэзэжыну щытами, ар властыр зэраубыдын сценарийт, унэ къаубыдахэр хуит къэщІыжынымрэ лей зезыхьахэр и пІэ игъэзэгъэжынымрэ ІэщэкІэ фІэкІа пхузэфІэкІынутэкъым. Къэрал унафэщІхэм ди къалэныр лъыгъажэ къэмыгъэхъунырт - арат щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр.

- Сыт щІэщхъур къызыхэкІар?

- Мазаем и 20-м къыдадза удынырзыхуэунэтІауэ щытар зэгурыІуэныгъэм Іэ тедмыдзэнырщ, жэуап ткІий абыхэм еттыжынырщ. Ауэ псоми Іэ теддзащ, адэкІэ гугъуехь гуэрхэри Іуэхум хэлъын хуеякъым.

Мазаем президент хэхыныгъэхэр щыІэнути, цІыхубэм хихам зэгурыІуэныгъэхэр игъэзэщІэнурат. Радэ Нэхъыщхьэм сытекІыну унафэ къыщищтам сэ Ахметовым и резиденцэм сыщыІэт, абы и ужькІэ Кърым лъэныкъуэмкІэ сунэтІащ. Мазаем и 24-м Украинэм сикІащ.

- Сыт Украинэр щІубгынар?

- Украинэр апхуэдэ щытыкІэм хэпсэукІыфынутэкъым, цІыхубэр лъэныкъуитІ зэрыгъэхъуат. Хабзэм къемызэгъыу унафэм къыпэрагъэкІа президентым сыт ищІэнур? Абы теухуауэ гукъэкІ куэд сиІащ. Украин цІыхубэм захуэзгъэзэфынут Іэщэ зыІыгъ псори къызэщІэсІэтэну - абы граждан зауэ къикІынут, ауэ сэ лъыгъажэ сыхуейтэкъым. Кърымым сыщыкІуэм иджыри сегупсысырт, конституцэр къыщалъытэ къэрал мамырым сыщыпсэуну. Кърымым сыщынэсам щІыпІэ унафэщІхэр къэслъыхьуэн щІэздзащ. Сэ къэзгъуэтащ Севастополь администрацэм и лэжьакІуэхэм ящыщ зы. ЦІыхухэр шынэрт, гукъыдэжыншэт, зэрызахъумэжыну щІыкІэр ящІэртэкъым. ЗыхъумэжыныгъэмкІэ гупхэр зэрагъэпэщыну мурад ящІащ. Ахэр Украинэм и гъунапкъэм кърагъэувэкІащ радикалхэр кърамыгъэхьэн папщІэ. Абы щыпсэухэм лей къазэрытехьэр къалъытэри, Украинэм къыхэкІыу Урысейм хыхьэну унафэ ящІащ. А лъэхъэнэм Іейуэ сыгузавэрт. СщІэнур сщІэртэкъым. Президентым и ныпыр Кърымым щысІэтынут? Мы унафэм гугъуехь пылъу сыхуэкІуащ икІи Урысейм и Президентым зыхуэзгъазэу Украинэм сикІын хуей хъуащ. Си хэкум сыкъиинэныр шынагъуэт - цІыху гъащІэхэм щхьэкІэ сыгузавэрт. Сэ сыкъэнауэ щытамэ, зауэм Украинэ псор зэщІищтэнут.

СТЕПАНОВ Александр, ЧЕПУРНАЯ Ольга.
«Комсомольская правда»

Дигора аузым

● Осетие Ищхъэрэ - Алание

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимп джэгухэм «дыщэ» къыщызыхьа урысей спортсмен 19-р зэуэ хъуащ Камунтэ къуажэм щІыхь зиІэ и цІыху. Абы щыпсэухэм нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъыбэщ ар. Пшэхэм хэт а жылэ цІыкІур Урысейм и рекордхэм я тхылъым етІуанэу ихуэнкІэ хъунущ иджы. Япэ апхуэдэ сертификатыр абы къылъысащ «Полк уахътыншэ» Іуэхур ирагъэкІуэкІа иужькІэ - Камунтэ щыІэщ тенджыз щІыІум нэхърэ километритІкІэ нэхъ лъагэ щІыпІэм. Арати, зи гугъу тщІы зэхыхьэм хуэдэ щекІуэкІа щІыпІэхэм я нэхъ лъагэу къыщІэкІащ.

«ПОЛК уахътыншэ» Іуэхур ирагъэкІуэкІынми олимп чемпионхэм «Камунтэ щІыхь зиІэ и цІыху» цІэ лъапІэр яфІэщынми ятеухуа жэрдэмхэр къызыхэзылъхьар «Хэку» клубым и унафэщІ Карданов Тимурщ. Абы щІиуфэркъым мурадыр зыхуэгъэзар аргуэру зы сертификат къыдэхыныр зэ-рыарар. АрдыдэмкІэ жылагъуэм гу лъригъэтэнущ Осетием и бгылъэ щІыпІэхэм щыІэ къуажэхэм я Іуэху зыІутым.

- Мы къуажэхэр цІыхуншэу къанэрэ хэкІуэдэжмэ, хуабжьу ди жагъуэ хъунущ, - жеІэ Тимур. Абы къикІыр ди тхыдэр хэгъуэщэжынырщ.

УзыгъэпІейтейр мащІэкъым. Зы жылэм къыдэнэжар цІыхуи 5-щ, адрейм зыри дэсыжкъым. Камунтэ революцэм ипэкІэ цІыху 800 дэсу щытащ.

- Дэфтэрхэм къызэраІуатэмкІэ, 1913 гъэм Дигора аузым къуажэ 35-рэ щыІащ, бгырыс мин 14 хуэдиз зэпымыуэу щыпсэууэ. Иджы къэнар абыхэм я процент 5-рщ, - пещэ Кардановым. - Мыбы сыт щыгъуи щІыр къащомэщІэкІ. Арати, совет властым тафэ щІыпІэхэм щІы щигуэшу зэрыщІидзэу, къуажэхэм я зэхуэдитІыр занщІэу нэщІ хъуащ. ИужькІэ зауэ къэхъеящ. Фронтым щыхэкІуэдащ аузым щыщ цІыхухъухэм я зэхуэдитІыр.

АрщхьэкІэ иужькІи къуажэхэр ябгынэрт. Къалэхэм еджапІэ кІуэрти, щІалэгъуалэм къагъэзэжыртэкъым.

XXI лІэщІыгъуэми гугъущ пшэхэм уахэту упсэуну. Мыбы зэманым ижь къыщІихуауэ гу лъыптэркъым.

Газ зэрыкІуэ бжьамий якъуэдийуэ щІадзащ, арщхьэкІэ Камунтэ нагъэсыфакъым. Здынагъэсыфахэми ар яІэрыхьэркъым: къуршхэм къыщещэщэха мывэхэм бжьамийр хьэлэч ящІащ. Псыри щаІэрымыхьэ щыІэщ. Ауэ уздыгъэ яІэщ - блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм джабэхэм щыхатІащ электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр зыфІэдза пкъохэр.

Республикэ унафэщІхэр хущІэкъуащ цІыхухэр я лъапсэ исыжын папщІэ я щІэкІэпсэукІэр ирагъэфІэкІуэну, ублэмэ 90 гъэхэм я зэхуэдитІым зэхалъхьащ «Осетием и бгыхэр» программэр. Ауэ мыхьэнэ иІакъым - ягъэзэщІэным егугъужакъым.

Мэкъуауэгъуэм и пэкІэ

Кардановым и фІэщ мэхъу программэщІэ зэхалъхьэн зэрыхуейр. Щхьэ щымыІапхъэрэ бгылъэ щІыналъэхэмкІэ министерствэ - республикэм и щІыналъэм и зэхуэдитІыр бгыщ? АрщхьэкІэ Дигора аузым щхьэкІэ зэкІэ гузавэр Тимур хуэдэхэм я закъуэщ.

Караев Расул ящыщщ олимп чемпионхэм «Камунтэ щІыхь зиІэ и цІыху» цІэ лъапІэр яфІэщыным и телъхьэу Іэ зыІэтахэм. Зеумысыж Олимпиадэм щеплъым гуитІщхьитІу зэрыщытамкІэ: мызахуагъэ куэд къагъэхъуащ. Абы къыхэкІыу пщІэ лей яхуэфащэщ апхуэдэ щытыкІэм иту дыщэ медалхэр къэзыхьыфахэм, жеІэ абы.

- Дэ дрогушхуэ абыхэм. Аращ щІыхь зиІэ ди цІыхухэу къыщІэтлъытари.

Руслан Камунтэ щиІэщ и адэшхуэм и адэжым иухуа унэ, чэщанэ. Аращ къыщыхъуари. Мы зэманым Владикавказ щопсэу. АрщхьэкІэ, Дигора аузым игъэзэжыным щІохъуэпс.

- ДиІэр тхъумэркъым, - и жагъуэ мэхъу Караевым. - Чэщанэри унэри Іисрафщ. Сэ ахэр схузэгъэпэщыжынукъым. Си къуэхэри сэ схуэдэу дзэ къулыкъущІэщ. Аузым къыщыхъуахэр дызэхуозэ, куэдыр хуейщ щалъхуа щІыналъэм ягъэзэжыну. Сэри абы согупсыс, унэ щызухуэну мурад сщІащ, дзэм сыхэкІыжмэ. ЩІапІэ къыхэсхащ. Гъатхэм щІэздзэнущ.

Гъатхэм Камунтэ щызэхуэсынкІэ хъунущ Олимп чемпионхэр. ЦІэ лъапІэр зэрыфІащам теухуа тхылъхэр щратыну зэманыр Фарон Гашатэ гуфІэгъуэм ирырагъэхьэлІэн я гугъэщ. Абы фІэкІмэ, бгырысхэр хущІыхьэжынукъым - зи гугъу тщІа гуфІэгъуэр и нэщэнэщ мэкъуауэгъуэм зэрыщІадзэм. Гъэмахуэм дэтхэнэ сыхьэтри зэпэлъытащ.

Дунейм и дахагъэмрэ тхыдэм и акъужьымрэ

ЩІыпІэм щыпсэухэм Іэщ ягъэхъу, кІэртІоф, хадэхэкІхэр ящІэ, мэкъумылэ ягъэхьэзыр. Ауэ щогугъ мыгувэу лэжьыгъэ нэхъыбэ яІэну.

Къэралыр зэкІэ къадэмыІэпыкъуми, турист ІэнатІэ зэтраухуэну хущІокъу. Абы папщІэ мыбы Іэмал гъуэзэджэхэр щыІэщ - бгыщхьэ уардэхэр зыщхьэщыт аузыр дахащэщ, хьэуар къабзэщ, хьупІэхэм нэхэр зыІэпашэ.

Тхыдэмрэ археологиемрэ фІыуэ зылъагъухэм папщІэ жэнэт щІыпІэщ. Пасэрей щэнхабзэм къыщІэна хьэпшыпхэу къыщагъуэтым и куэдагъымкІэ Камунтэ Кавказми нэгъуэщІ щІыналъэхэми щыцІэрыІуэщ. Къуажэр цІыкІуми, абы езым и этнографие музей иІэжщ.

Мис аращ ягъэува рекордхэм я сертификатхэр зыщІалъхьэну я мурадыр. Япэр къаІэрыхьащ. ЕтІуанэм и тхылъхэр ягъэхьэзыр.

ТИМЧЕНКЭ Маринэ.
«Аргументы и факты»

● Социальнэ политикэ

ЕкІуэлІапІэншэхэм я Іуэхум егъэпІейтей

Социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкІэ ІуэхущІапІэхэм загъэхуэбэну е нэху къыщекІыну къекІуалІэ цІыхухэм я бжыгъэм хуэдитІкІэ хэхъуащ щІыІэ къызэрыхъурэ. ПсапащІэ фондхэм зэрыщыжаІэмкІэ, екІуэлІапІэншэ цІыхухэм ящыщу дунейм ехыжхэр щІымахуэм нэхъыбэщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм екІуэлІапІэншэхэм папщІэ щолажьэ псори зэхэту гъуэлъыпІэ мини 8 зиІэ социальнэ ІуэхущІапІи 141-рэ. Апхуэдэу «Известия»-м къыщыжраІащ Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкІэ министерствэм. Ведомствэм къызэрыщагъэлъэгъуамкІэ, ди къэралым щыІэщ псэупІэ хэха зимыІэ цІыхухэм ядэІэпыкъу ІуэхущІапІэхэр. Хьэулейхэр гъащІэ тэмэмым зэрыхашэжыным апхуэдэхэм яужь щитщ. Нэху укъыщекІын унэ 31-рэ, социальнэ екІуэлІапІэу 6, социальнэ хьэщІэщу 6, социальнэ гъащІэм къыщыхашэж ІуэхущІапІэу 60, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм хуэщІауэ ІэнатІэ 38-рэ Урысейм щолажьэ.

- Щыпсэун зимыІэ цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэтыр Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ ІэнатІэхэм езыхэр къекІуалІэмэщ, - къыщыпащащ Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкІэ министерствэм.

ПсэупІэ хэха зимыІэхэм ягъуэтыну социальнэ дэІэпыкъуныгъэр зэмылІэужьыгъуэщ - ар пщІэ зыщІамыт шхынщ, промышленнэ хьэпшыпхэрщ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэ щрат ІуэхущІапІэхэм илъэс ныкъуэкІэ щыпсэунырщ, я дэфтэрхэр яхузэгъэпэщыжынырщ, зы щІыпІэ гуэрым щатхынырщ, уеблэмэ я Іыхьлыхэр къыхуагъуэтыжынырщ.

А Іэмал псоми емылъытауэ, щытыкІэр щІымахуэ лъэхъэнэм щІыналъэ куэдым нэхъыкІэ щохъу.

Санкт-Петербург дэт «Ночлежка» дэІэпыкъуныгъэ фондым щыжаІащ цІыхухэм зыщагъэхуэбэжын щІыпІэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ унафэщІхэм зэгурыІуэныгъэ зэрырамыщІылІэфыр. Мы гъэм фондым игъэувыфар пщыІитІ къудейщ, цІыху 50-м нэблагъэ щІэхуэу. НэгъуэщІ щыпІэхэм апхуэдэхэр къыщызэрагъэпэщыну унафэщІхэм хуитыныгъэ къратакъым. Фондым цІыхубэ зэпыщІэныгъэмкІэ и ІэщІагъэлІ Гасниковэ Владэ и псалъэхэм къызэрыхэщымкІэ, щытыкІэр зэпІэзэрыт щІынымкІэ ар мащІэ дыдэщ.

- ПсэупІэ зимыІэхэр къокІуэри, зыщагъэхуэбэж пщыІэхэм я гъусэу щІэта я цІыхугъэхэм я гугъу къытхуащІ. Абыхэм ящыщу хэти щыІэм е мафІэм исащ, адрейм мафІэшхуэІуэ ищІри, и Іэ, и лъакъуэхэр писыкІащ. Апхуэдэхэр куэдыкІейщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зыгъэхуэбапІэ пщыІитІыр мыпхуэдэ къалэшхуэм и дежкІэ мащІэщ, - къыхигъэщащ Гасниковэ Владэ.

Мэкуу Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкІэ и департаментым къызэрыщагъэлъагъуэмкІэ, къалэм социальнэ центру 2 щолажьэ, псори зэхэту цІыху 1500-рэ щІэхуэну. ИкІэщІыпІэкІэ социально-медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр къахутэн папщІэ уэрамхэм «социальнэ плъырхэр» дэтщ, бригадэ 30 хъууэ.

НЕДЮК Марие.
«Известия»

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

ДУБРОВИН Николай

Урысхэр Кавказым зэрыщызэуамрэ тепщэ зэрыщыхъуамрэ

Санкт-Петербург, 1871 гъэ


ИСТОРІЯ ВОЙНЫ
и
ВЛАДЫЧЕСТВА РУССКИХЪ
на
КАВКАЗѢ.
Н. Дубровина.
ТОМЪ I.
КНИГА I.
КАВКАЗЪ.

1871 - 1888 гъэхэм Урысей тепщэгъуэм и тхыдэтх, генерал-майор Дубровин Николай и Iэдакъэщ1экIыу тхылъ зыбжанэу дунейм къытехьат «Урысхэр Кавказым зэрыщызэуамрэ тепщэ зэрыщыхъуамрэ» лэжьыгъэшхуэр. Пащтыхьыгъуэм и Iуэху еплъыкIэр пхигъэкIыну зи къалэн тхакIуэм и сатырхэм нэхъыбэу хэплъагъуэр, дауи, къызыхэкIа лъэпкъыр зытет Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ. Ауэ генералым итх псори жыIэзыфIэщу къэдмыпхъуатэу, къэхъуар зи нэгу щIэкIам пщIэ зэрыхуэфащэ къудейр тщIэжу дыкъеджэмэ, ди зэманым къэмыса адыгэ гъащIэр зыхуэдар зэдгъэщIэнымкIэ Дубровиным и лэжьыгъэр гулъытэ зыхуэфащэ щыхьэт тхылъщ.

Кавказ лъэпкъхэм ятеухуа Iыхьэр зэрыхуа япэ томыр Дубровиным шэрджэсхэм (адыгэхэм) ятеухуа хъыбархэмкIэ къыщIедзэ. Бийм и хьэтыр зылъагъуф цIыхум и нэкIэ ар топсэлъыхь абыхэм я зауэлI хъыжьагъми, я хьэщIэгъуакIуэ хабзэхэми, удэплъеину зыхуэфащэ лъэпкъ гупсысэкIэм и тегъэщIапIэ щхьэхуэхэми. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым тепщэгъуэм и IуэхущIафэр ягъэзахуэн папщIэ кавказ хэкурысхэм кIэрагъэпщIа «хъунщIакIуэхэр» терминыр тхакIуэм уи нэгум къыщIигъэхьэ лъэпкъ сурэтым фIыуэ зэрыпэIэщIэми. Щхьэж и еплъыкIэм хуитыжщ, ауэ «бий губзыгъэр ныбжьэгъу делэм нэхърэ нэхъыфIщ» Iущыгъэм тету зыбгъэдэхьэн хуей тхылъым ди газетеджэхэр щыгъуазэ тщIыныр ди гуапэу, «Шэрджэс (адыгэ) хьэлыр» зи фIэщыгъэ Iыхьэм щыщу напэкIуэцI нэхъ гукъинэжхэр фи пащхьэ идолъхьэ.

ЕплIанэ Iыхьэ

Шэрджэс (адыгэ) хьэлыр

Я фIэщхъуныгъэр зэрытIасхъэмрэ шынагъуэр къащхьэщыт зэпыту я гъащIэр зэрахьымрэ адыгэхэм я хьэлым зыр адрейм пэщIэувэу щэн гъэщIэгъуэнхэр къригъэщтащ. УнафэщI гуэри зимыIэ лъэпкъым щыщ дэтхэнэ нэрыбгэри и щхьэмрэ жылагъуэмрэ елIалIэу, пщIэ зиIэ цIыхухэм якIэлъыкIуэу, и Iуэху дигъэкIын папщIэ псалъэм и къарур къигъэщхьэпэу псэун хуей мэхъу. Апхуэдэ политикэ зэхэтыкIэм уи гур илъу, уи гупсысэр жану урегъасэ, зэпыу имыIэу Iэпкълъэпкъыр зэрызыгъэкI лэжьыгъэхэм пкъыр бжьыфIэ, лантIэ, къаруфIэ ящI. Адыгэхэм губзыгъагъэрэ дахагъкIэ Тхьэр къахуэупсащ, ауэ псэм и кууагъыр зэрыщыту бийм зэраныгъэ ещIылIэнымрэ зэуэнымрэ трагъэкIуадэу къокIуэкI. Хэкум къытеуа бийм пэщIэту яукIа е уIэгъэ хъуа зимыIэ унагъуэм шэрджэсхэм пщIэ хуащIыркъым.

Хахуагъыр зи лъым хэт, зэрысабийрэ шынагъуэм пэщIэту еса адыгэхэм егъэлеяуэ я щхьэ щытхъужыным зыщадзей. Зауэм хэту зэрихьа лIыгъэм шэрджэсыр зэи тепсэлъыхьыркъым; емыкIуу елъытэри, и ехъулIэныгъэхэр зэи иIэткъым. Нэхъ щауэ шыщхьэмыгъазэ дыдэхэр егъэлеяуэ нэмысыфIэщ: хуэму мэпсалъэ, я лIыгъэмкIэ загъэщIагъуэркъым, тэджу хэти ягъэтIысыну хьэзырхэщ, къедауэм пэпсэлъэжхэркъым. Ауэ нэрылъагъуу я пщIэр зыгъэпудым замыгъэкъыу, мышхыдэу, мыкIий-мыгуоуэ, напIэзыпIэм IэщэкIэ жэуап ират.

ЦIыхушхуэхэм я ехъулIэныгъэхэр адыгэхэм щагъэлъапIэ хабзэр ахэр дунейм ехыжа нэужькIэщ. Ауэ жаIэж пасэ зэманым псэуа лIыхъужь Бгъэжьнокъуэ Бэчыр *(Дубровиным зэритхыр - Бхезиноко-Бексирзъ - Ч. М.)* апхуэдэпщIэ псэууэ лъысауэ. Абы и ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтат и къуэхэм джэгуакIуэхэр къраджэу я адэм и гъащIэм теухуа уэрэд щрагъэусам. Дадэм ар къыщищIам уэрэдыр зэхалъхьакIэт. Арати, и къуэхэмрэ джэгуакIуэмрэ къриджэри ирагъэдэIуэну лъэIуащ. Езым лIыгъэкIэ къыпеуэу щыта нэрыбгэ гуэр зыгъэпуд псалъэ уэрэдым хэту щызэхихым, а псалъэхэр хригъэдзыжауэ щытащ. Нэмысрат пасэ зэманым адыгэхэм цIыхур псом нэхърэ нэхъ зыгъэлъапIэ щэну ялъытэр.

Сытри и гум хыхьэу зэрыщытым къыхэкIыу, адыгэр псынщIэу щIэм дехьэх, ауэ апхуэдэ дыдэу псынщIэуи зыкъещIэж. И лъэпкъэгъухэм гуапэу ядокIуэкI, нэхъыжьхэм пщIэ яхуещI, игу имылъ жиIэркъым, зэгупсысыр къехьэкI-нехьэкI хэмыту хуиту къепсэлъ. Урысхэм щабгъэдэткIэ ар сыт щыгъуи бзаджэщ, гущIыIэщ, къилъын хьэзырщ. Укъигъэгугъэу укъигъэпцIэжыныр зыуи къыщыхъуркъым. Шынэр зэуэ и гум зэпхедз, ауэ псынщIэу игу къохьэжри, сыт хуэдизу и псэм темышыныхьми, а зытета дыдэм къызэрымыкIуэу ерыщу тоувэж. КъыфIэмыIуэхухэу ар джэгум къыхокIри лъыгъажэм хохьэ, нэмэзым токIри хъунщIэтеуэ макIуэ, псапэ щIэныр зэраныгъэм хуегъэкIуэж. ФIэщхъуныгъэр абы и щIэгъэкъуэн закъуэщ, ауэ и хэкуэгъухэм къалъагъункIэ щымышынэм деж, диным къыхуигъэув къалэнхэми хабзэхэми тыншу йобакъуэ. А хьэлыр зауэм щыхэтым дежи дыболъагъу. И ныбжьэгъу гупым яхэту щызауэкIэ, адыгэр егъэлеяуэ хахуэщ икIи къызэрымыкIуэу псэемыблэжщ: абы фIыуэ ещIэ и лIыгъэр псоми зэралъагъури, и хахуагъым псори зэрытепсэлъыхьынури. Ауэ и закъуэу, зыми къимылъагъуу хъунщIэтеуэ ежьэмэ, ар лIыгъэ гъэщIэрэщIа зэрихьэн Iуэху хэмыту, иукIынуIамэ, зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу еукI, зыхуейр зыIэрегъэхьэри, кърамыхужьэ щIыкIэ зэрыщIэпхъуэжыным хуопIащIэ.

Шэрджэсыр сыт щыгъуи ахъшэм хуэнэпсейщ. Мылъкум папщIэ абы цIыху иукIыфынущ, къигъэгугъами епцIыжыфынущ, ауэ къыIэрыхьа ахъшэр зэримыгъэзэхуэххэу, асыхьэтым япэу къыхуэзэм иритыну хьэзырщ. Зэпымыууэ урысхэм зэрезауэм хуэдэу, быдапIэхэм дэс зауэлIхэм сыт щыгъуи Iэщ яхуэзышэ сондэджэрхэм шэрджэсхэр пщIэкIэ гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу.

Адыгэр быдэу жозыгъэIэн щапхъэхэр закъуэтIакъуэххэщ. Япэ къэсым зыхуейр и жьэ къызэрыжьэдэкIыу е щIагъыбзэкIэ къызэрыбгуригъаIуэу ептыныр хабзэ щыхъуа лъэпкъым быдэу ущыщыт хъунукъым. Абы и цейм, щIакIуэм, шым е нэгъуэщI и хьэпшып гуэрым узэрыщытхъуу къуитынущ. А хьэлэлагъым адыгэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зыри зыбгъэдэмылъ тхьэмыщкIэр, тыгъэ защIэу асыхьэтым шыи, Iэщи, щыгъыни зыIэригъэхьэу, зауэм е ерыскъы хэхыпIэ яхуэхъуа хъунщIэтеуэм хыхьэфынущ. ЗыщIэлъэIуар кърамытыпэми, абы зыхуейр илъэс-илъэситIкIэ хьэхуу къищтэфынущ, шыр зыщIыпIэ укIуэу укърикIуэжын папщIэ къеIыпхынумэ, зыми «хьэуэ» къыбжиIэнукъым, лъэIуакIуэм мылъку зэригъэпэщмэ, нэхъыбэж къызэрыритыжынум езытым шэч къытрихьэркъым. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, адыгэм и мылъкур икъузыркъым, ауэ зэдауэ хэхуэрэ и пщIэр ягъэпуду къыфIэщIмэ, абы зы шкIэ закъуэ фIэкIа фIамыдыгъуами, и жагъуэгъум текIуэн къудей щхьэкIэ, и ныкъуэкъуэгъум судкIэ илъэс тIощIкIэ едэуэфынущ. Зыгуэр къызэрыпIэщIигъэкIын нэпсеягъэрэ хьэпшыпыр езым зэрейр къыгурыIуэжу пIэрэ жозыгъэIэ хьэлэлагъэрэ зы нэрыбгэм и хьэлым гъэщIэгъуэну щызэхозагъэ. ЦIыху псынщIэу къыпфIэщI щхьэкIэ, адыгэм фIагъ куэду зэтепщIыкI хьэл жан дыболъагъу, къимыкIуэту зытетым тетщ, къызэрымыкIуэуи тэмакъкIыхьщ. Иужьрей хьэлыр щIалэр нэхъ зыгъэлъапIэ щэну ялъытэ. КъафIэмыIуэхуу узыр зэрашэчымкIэ ахэр тыншу европей щIалэхэм къахыбоцIыхукIыф. Европэм щыщыр адыгэм хуэдэ дыдэу хахуэнкIи мэхъу, ауэ бэшэчагъкIэ абы зэи лъэщIыхьэнукъым.

Хэкур псэемыблэжу фIыуэ зылъагъу адыгэм и лъэпкъым фIы къызэрыпэплъэм шэч закъуи къытрихьэркъым. Щэнхабзэ укъуэдиям щIамыпIыкIа цIыхур къыщалъхуа щIыпIэм псэкIэ епхауэ къонэ, дунейм щызекIуэ хабзэхэм я нэхъыфIыр езым и лъэпкъым къигъэщIахэрауэ къелъытэ, къыщыхъуа къуакIэ-бгыкIэм пэIэщIэ пщIымэ, игу хощI. Нэху зэрыщу ежьэжын хьэзыру, жылэм зыхахуа нэрыбгэр яукIын шынагъуэр къызэрыщхьэщытым хуэдэу, жэщ зыбжанэкIэ и къуажэм пэгъунэгъу, и щIалэгъуэр щигъэкIуа губгъуэжьым щэхуу игъэзэжу щис къохъу.

Жылагъуэ хуитым къыщыхъуа адыгэм и хэкур ину къыщохъу: абы елъагъу ар зэрыщхьэхуитыр, езым ейм ещхь адрей щIыналъэхэм фIыкIэ зэрадекIуэкIыр, абы игури хегъахъуэ, и щхьэри лъагэу ирегъэлъагъуж. Хамэ лъэныкъуэм къикIа псори адыгэм Iумпэм ещI, езым и пщIэр щылъагэ, и гъащIэм мыхьэнэ пыухыкIа къезыт и хэкур фIыуэ елъагъу.

«Дэнэ ущыщ?» жыIи шэрджэсым еупщIи, зы хэку абрагъуэ гуэрым щыщ пщы-уэркъ фIэкIа умыщIэну, «сышапсыгъщ», е «сыбеслъэнейщ» къыбжиIэнущ. И щхьэм хуищIыж пщIэм адыгэр къызыфIигъэщIыжащ, хьийм икIа хуитыныгъэми декIуэкIыгъуей, зызымыщIэж, егъэлеяуэ пагэ щIэхъукIащ.

ЗэзыдзэкIар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

Дунеишхуэр псоми ди зэхуэдэщ

Нобэ сыхьэт 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт комплексым щокIуэкI волонтёр центрым, спорт клубым, КъБКъУ-м щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэмкIэ и управленэм, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Дунеишхуэр псоми ди зэхуэдэщ» псапащIэ Iуэхур. Абы хиубыдэу университетым и волонтёрхэр сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэзэнурэ тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIынущ. Апхуэдэу цIыкIухэм я нэгу зрагъэужьынущ, ахэр спорт зэпеуэ щхьэхуэхэм хашэнущ, концерт нэгузыужь ирагъэлъагъунущ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-IуэхущIапIэ.

● Хабзэ

Хабзэжьхэм щIапIыкI

ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэм «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» фIэщыгъэр зиIэ зэпеуэ щекIуэкIащ иджыблагъэ. Илъэс къэси хуэдэу, мы махуэми фIы дыдэу зыхуагъэхьэзырат еджакIуэ цIыкIухэм. Ар нэхъыбэу зыхуэгъэзауэ щытар ЩоджэнцIыкIу Iэдэм мы гъэм илъэси 100 зэрырикъурт.

КЪАЛЭХЭМ, районхэм щекIуэкIа зэпеуэхэм щытекIуа гуп 11 къекIуэлIат уардэунэм. ЗэIущIэр къызэIуахыу псори зэрыцIыхуа нэужь, къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ утыку къызэрихьэну щIыкIэхэм, зэхьэзэхуэр Iыхьитху гуэшауэ зэрыщытынум. ЯпэщIыкIэ лъэпкъ хабзэр къызыхэщ театр теплъэгъуэ къагъэлъэгъуэн, иужькIэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усэхэм ящыщ гъэхуауэ, дахэу къеджэн хуейт.

КъэпщытакIуэ гупым хэтт КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ лъэпкъ литературэ театрым и унафэщI Тхьэзэплъыж Ислъам, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Шортэн Аллэ, ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэм и унафэщIым и къуэдзэ ПщыукI Маритэ, а IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэу Гугъуэтыж Маритэрэ Жэкуей Иринэрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм зэрахьэу щыта хабзэжьхэм сабийхэр нэхъыбэу щыгъуазэ щIынырщ, ахэр яхъумэу, абыхэм яхуэсакъыу къэгъэтэджынырщ мы зэхыхьэр нэхъыбэу зыхуэгъэпсар. Теплъэгъуэ гъэщIэгъуэн куэд утыку кърахьащ цIыкIухэм. Абыхэм ящыщт адыгэхэм ноби зэрахьэ хабзэ дахэхэу гущэхэпхэр, хьэщIэ егъэблэгъэкIэр, егъэжьэжыкIэр, щхьэ щIэлъэныкъуэр зэракъутэр, ди зэманым кIуэдыж щIопщакIуэр, балъкъэр лъэпкъым мэкъумэшым, Iэщ гъэхъуным теухуауэ яхэлъ хабзэхэр, нэгъуэщIхэри.

Гупхэм я теплъэгъуэхэр гъэщIэгъуэнт, езыхэри дахэ дыдэу джэгухэрт. Зэпеуэ щыхъукIэ, зыгуэр къыхэжаныкIын хуейти, къэпщытакIуэхэм Бахъсэн дэт 4-нэ курыт еджапIэм и гупым Гран-при-р хуагъэфэщащ. «Театр теплъэгъуэ» унэтIыныгъэм япэ увыпIэр щызэдагуэшащ IуащхьэмахуэIрайоным хыхьэ Гундэлэн къуажэм дэт 4-нэ курыт еджапIэмрэ Шэрэдж районым и Зэрэгъыж къуажэ школымрэ къикIа гупхэм. ЕтIуанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ Тэрч районым и Акъбащ Ипщэ къуажэм дэт курыт еджапIэм щIэсхэм. Ещанэ хъуахэщ Май районым и Александровскэ станицэм дэт 9-нэ, Бахъсэн районым хыхьэ Къэсейхьэблэ къуажэм и 1-нэ, Прохладнэ щIыналъэм и Алътуд жылэм и 2-нэ, Лэскэн районым и Арщыдан къуажэм и 1-нэ, Аруан районым хыхьэ Нарткъалэ дэт 3-нэ, Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Светловодскоэ къуажэм дэт курыт еджапIэхэм къикIа гупхэр.

Нэхъыфlу усэ къеджэнымкIэ Гран-при-р Афэщlыж Лаурэ (Бахъсэн 4-нэ школ) къихьащ. Япэ увыпIэр зыIэригъэхьащ Хъуртуевэ Жамиля (Гундэлэн 4-нэ школ). ЕтIуанэ увыпIэр Дадэхъу Селинэрэ (Къэсейхьэблэ къуажэм и 1-нэ школ) Дыгъужь Даринэрэ (Малкэ дэт 3-нэ школ) къахьащ. Ещанэ хъуар ЗэшэкIуий Камилэщ (Жэмтхьэлэ 2-нэ школ).

Зэпеуэм щытекIуахэми ахэр зыгъэхьэзырахэми фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.



● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Жылагъуэ советым хэтынухэр

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэр зыдэлажьэ Жылагъуэ советым хэтхэм я пIалъэр зэрикIам къыхэкIыу, абы хагъэхьэнухэр къыхахынущ. Жылагъуэ советым и гупыщIэм хыхьэну гупыж зыщIахэм я лъэIу тхылъхэр къыIахынущ 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 16 пщIондэ.

ЛъэIу тхылъыр зыхуэдэн хуейм фыщегъэгъуазэ КъБР-м щыIэ МВД-м и сайтым и «Общественный совет» Iыхьэм.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ мы телефонымкIэ: 40-49-11.

ГъэпцIакIуэр яубыд

КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ къэралым къыщалъыхъуэ, илъэс 27-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзыр.

НАЛШЫК къалэм щыпсэу цIыхубзыр 2010 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэхэм къалъыхъуэ, гъэпцIагъэкIэ мылъкушхуэ зыIэригъэхьауэ шэч хуащIу. Уголовнэ Iуэхур зэхагъэкIыным пащэ.

НэпцIу щригъэтхат

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм щылажьэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэм къыщIагъэщащ Лашынкъей къуажэм щыпсэу цIыхубзым и унэм Армениемрэ Куржымрэ щыщ цIыхуитI нэпцIу щригъэтхауэ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР ирагъэкIуэкI, уголовнэ Iуэху къэIэтыным хоплъэ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Лэжьэн щIыдодзэ

● Гу зылъытапхъэ

«КъБР-м и хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIуэмрэ курытхэмрэ кредит мыинхэмкIэ къызэзыгъэпэщ фонд» компанием лэжьэн зэрыщIидзэмкIэ хъыбар фыдогъащIэ. ХьэрычэтыщIэ щхьэхуэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатхахэм апхуэдэ кредитхэр етынымкIэ лъэIухэр дяпэкIи къыIахынущ.

Фондым къыIах щIыхуэр трагъэкIуадэ хъунущ бизнесым зегъэужьыным, зэблагъэкI ахъшэр нэхъыбэ щIыным, оборудованэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къэщэхуным, хьэрычэт Iуэхум пыщIа нэгъуэщI мурадхэм.

ЩIыхуэу зы цIыхум иратыр сом мелуани 3-м щIигъуркъым икIи ар щапшыныжыну пIалъэр илъэси 3-м трагуашэ. Кредитым гъэ къэс щхьэщатыкIыр проценти 10 хъууэ аращ.

Нэхъ убзыхуауэ мы Iуэхум щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ info@fmsmpkbr.ru сайтым. Телефонхэр: +7 (8662) 42-08-62, +7 (8662) 42-08-82. ХэщIапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Пушкиным и цIэр зезыхьэ уэрам, 79 а.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыгъэгъазэм и 10-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Чэрим Марианнэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 5-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 • Тираж 3.424 • Заказ №1843